

Tanpri ekri ak lèt detache ak lank koulè ble oswa nwa.

Pou AmeriHealth Caritas Florida ka trete fòm reprezantan pèsònèl sa a:

- Fòm nan dwe ranpli nètale.
- Ou sipoze mete yon kopi dokiman legal ki mansyone sou paj sa a ansanm ak fòm sa a.

Fòm reprezantan pèsònèl la nome moun ki gen otorite legal pou pran desizyon nan non w nan domèn swen sante. AmeriHealth Caritas Florida ap kenbe enfòmasyon sa yo nan dosye l yo jiskaske ou revoke li oswa jiskaske yon tribinal oswa yon lwa revoke li.

Si w gen kesyon, tanpri rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

## Enfòmasyon sou manm nan

Prenon:		Inisyal prenon an:	
Non fanmi:		Dat nesans (MM/JJ/AAAA):	
Adrès, liy 1:			
Adrès, liy 2:			
Vil:		Eta:	Kòd postal:
Nimewo telefòn lakay (ak endikatif):			
Nimewo telefòn selilè (ak endikatif):			
Adrès imèl:			

## Enfòmasyon sou reprezantan pèsònèl la

Prenon:		Inisyal prenon an:	
Non fanmi:			
Adrès, liy 1:			
Adrès, liy 2:			
Vil:		Eta:	Kòd postal:
Nimewo telefòn lakay (ak endikatif):			
Nimewo telefòn selilè (ak endikatif):			
Adrès imèl:			
Relasyon avèk manm nan:		Dat nesans (MM/JJ/AAAA):	

## Ou sipoze mete yon kopi dokiman legal la ak fòm sa a. Si w pa voye dokiman legal la, nou pa p ka trete fòm sa a.

Kalite dokiman ou voye ansanm ak fòm nan:

- |  |  |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Dokiman pwokirasyon pou swen sante<br><input type="checkbox"/> Òdonans tribinal ki mete w responsab yon lòt moun (pou desizyon sou swen sante)<br><input type="checkbox"/> Òdonans tribinal pou gade yon timoun<br><input type="checkbox"/> Dokiman ki nome w kòm egzekite pou byen yon moun ki mouri kite yo (si manm nan mouri) | <input type="checkbox"/> Lòt (tanpri esplike sa li ye) |
|--|--|

## Siyati reprezantan legal manm nan ak dat siyati a

Non (ak lèt detache):	
Siyati reprezantan pèsònèl la:	Dat (MM/JJ/AAAA):



### Enfòmasyon ki enpòtan sou reprezantan pèsònèl yo

Règ federal sou konfidansyalite a mande AmeriHealth Caritas Florida pran kèk mezi anvan li ka pèmèt yon lòt moun jwenn enfòmasyon sante pwoteje w yo (PHI). PHI se enfòmasyon sou ou yon moun ki rezonab te ka itilize pou idantifye w e ki gen rapò ak sante fizik oswa mantal ou nan pase, kounye a oswa pi devan, e ki gen rapò tou ak swen sante ou resevwa yo oswa ak peman ki fèt pou swen sa yo. AmeriHealth Caritas Florida pral bay reprezantan pèsònèl ou PHI apre li resevwa yon dokiman ki demontre li gen otorite legal pou pran desizyon nan domèn swen sante nan non w (pa egzanp yon dokiman pwokirasyon legal, yon dokiman ki montre li responsab legal ou oswa yon lòt kalite dokiman legal). Epitou, AmeriHealth Caritas Florida pral rekonèt kòm reprezantan pèsònèl yon egzekitè, yon administratè oswa yon moun lalwa otorize aji nan non yon moun ki mouri oswa yon moun lalwa otorize jere byen manm ki mouri a kite yo.

### Nou bay konfidansyalite w anpil enpòtans

Tout enfòmasyon ki gen rapò ak sante w se enfòmasyon ki pèsònèl anpil. Nou pran angajman pou nou pwoteje vi prive w. Tanpri li fòm sa a ak anpil atansyon. W ap gen pou ranpli tout fòm sa a nèt pou nou ka trete l. Sa gen ladan l mete tout dokiman legal nou mande yo tou.

AmeriHealth Caritas Florida pa p konsidere yon moun kòm reprezantan pèsònèl ou si nou gen kèk rezon ki fè nou panse: (1) reprezantan pèsònèl la fè w sibi vyolans, li abize w oswa li neglije w; (2) ou te ka an danje si nou ta trete moun sa a kòm reprezantan pèsònèl ou; oswa (3) dapre yon opinyon pwofesyonèl (pa egzanp opinyon yon pwofesyonèl ki gen lisans), AmeriHealth Caritas Florida deside li pa p nan enterè w pou nou trete moun nan kòm reprezantan pèsònèl ou.

### Nou bay byennèt ou anpil enpòtans

Nou bay byennèt ou anpil enpòtans. Si nou panse reprezantan pèsònèl ou gendwa mal sèvi ak enfòmasyon sante w yo, nou pa p ba li yo.

Yon moun ki nome kòm reprezantan pèsònèl ap kontinye jwe wòl sa a jiskaske manm nan, yon òdonans tribinal oswa yon lwa revoke l.

### Fason pou ranpli fòm nan

Si w nome yon reprezantan pèsònèl, fòm sa a ap toujou valid jiskaske li anile. Ou kapab anile otorizasyon sa a nenpòt lè. Ou ka annik rele ekip sèvis pou manm yo pou fè n konn sa nan **1-855-355-9800**. Yon òdonans tribinal ak lòt lwa gendwa anile l tou.

Pou ede AmeriHealth Caritas Florida reponn demann sa a, tanpri ranpli fòm sa a. Ou ka fè sa sou òdinatè w oswa ou ka ekri ak men w nan espas nou mete pou sa. Ou ka ajoute lòt paj si sa nesèsè pou bay plis prezizyon sou demann ou an. Voye yon kopi dokiman ki montre reprezantan pèsònèl ou gen otorite legal pou l aji nan non w.

### Kote pou w voye fòm nan ale

Voye fòm ou ranpli a **ak** tout dokiman ki mache avè l yo pa lapòs bay:

AmeriHealth Caritas Florida  
Consent Processing Center  
P.O. Box 7092  
London, KY 40742-7092

Ou gen kesyon? Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

### **Zak diskriminasyon pa ann amoni ak lalwa**

AmeriHealth Caritas Florida dakò ak lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon, li pa mete moun sou kote ni li pa trete moun yon fason ki diferan akoz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap, kwayans, relijyon, zansèt, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oubyen oryantasyon seksyèl.

AmeriHealth Caritas Florida:

- Bay moun ki gen andikap asistans ak sèvis gratis (san yo pa peye pou sa) pou kominike fasilman ak nou, tankou:
  - Entèprèt konpetan nan lang siy.
  - Enfòmasyon sou lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm ankò).
- Bay moun ki pa fò nan anglè sèvis lang gratis (san yo pa peye pou sa), tankou:
  - Entèprèt konpetan.
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w ta bezwen youn nan asistans sa yo, kontakte AmeriHealth Caritas Florida nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nou disponib 7 jou sou 7 epi 24 sou 24.

Si w ta konstate AmeriHealth Caritas Florida neglije bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon kont ou yon lòt fason, ou menm oswa reprezantan otorize w (depi nou gen otorizasyon w alekri nan dosye nou yo) kapab depoze yon doleyans bay:

- Grievance and Appeals, P.O. Box 7368, London, KY 40742. Telefòn: **1-855-371-8078 (TTY 1-855-371-8079)**, oswa Fax: **1-855-358-5847**.
- Ou ka depoze yon doleyans pa mwayen imèl, faks, oswa telefòn. Si w gen difikilte pou w depoze yon doleyans, ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo ap kontan ede w.

Ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay Depatman Sante ak Sèvis Dwa Moun Etazini an ak Biwo Dwa Sivil la pa mwayen elektwonik, ou ka fè sa sou Paj pou Plent Biwo pou Dwa Sivil la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen kourye oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services  
200 Independence Avenue, SW  
Room 509F, HHH Building  
Washington, D.C. 20201  
**1-800-368-1019 (TTY 1-800-537-7697)**

Fòmilè pou plent yo disponib nan:  
<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

English: This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 hours a day, seven days a week. If your primary language is not English, or to request auxiliary aids, assistance services are available to you, free of charge.

Spanish: Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Póngase en contacto con nuestro número de servicios al cliente al **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, las 24 horas del día, los siete días de la semana. Si su idioma principal no es el inglés, o necesita solicitar ayudas auxiliares, hay servicios de asistencia a su disposición de forma gratuita.

Haitian Creole: Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang. Tanpri kontakte ekip sèvis kliyan nou an nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Si anglè pa lang manman w oswa si w ta renmen mande yon èd konplemantè, ou ka resevwa sèvis ki gratis pou ede w.

Vietnamese: Thông tin này có sẵn miễn phí ở các ngôn ngữ khác. Vui lòng liên lạc bộ phận dịch vụ khách hàng của chúng tôi theo số **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 giờ một ngày, bảy ngày trong tuần. Nếu ngôn ngữ chính của quý vị không phải là tiếng Anh, hoặc để yêu cầu các thiết bị trợ giúp bổ sung, thì quý vị có thể sử dụng miễn phí các dịch vụ hỗ trợ.